



Pou Piblikasyon Imedya: 02/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE
REZILTA ETID TÈS ANTIKÒ KI FINI POU 15,000 MOUN KI MONTRE 12.3 POUSAN
POPILASYON AN GEN ANTIKÒ POU COVID-19**

***Eta a pral distribye plis pase 7 milyon mask an twal pou Nouyòkè vilnerab yo ak
pou travayè ki nan premye liy yo nan tout eta a***

***Eta a ap bay 25 milyon dola pou bank alimantè yo nan tout eta a atravè Inisyativ
Nouri New York la***

***Konfime 4,663 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout
Eta a rive 312,977; gen nouvo ka nan 44 Konte***

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a rezilta etid tèst antikò eta a ki fini ki montre 12.3 pousan popilasyon an gen antikò pou COVID-19. Ankèt la te devlope yon pousantaj enfeksyon kòm baz referans nan teste 15,000 moun nan magazen manje yo ak sant kominotè atravè eta a pandan de semèn ki sot pase yo. Pami sa ki teste yo, 11.5% fanm te teste pozitif ak 13.1% gason te teste pozitif. Yon repatisyon rejyonal rezilta yo disponib anba la a:

Rejyon	Pousantaj pozitif
Capital District	2.2%
Central NY	1.9%
Finger Lakes	2.6%
Hudson Valley (Without Westchester/Rockland)	3%
Long Island	11.4%
Mohawk Valley	2.7%
North Country	1.2%
NYC	19.9%
Southern Tier	2.4%
Westchester/Rockland	13.8%
Western NY	6%

Gouvènè a te anonse tou ke eta a pral distribye plis pase sèt milyon mask an twal pou Nouyòkè vilnerab yo ak travayè esansyèl yo nan tout eta a. Yo pral distribye mask yo konsa:

- 500,000 pou rezidan NYCHA yo
- 500,000 pou travayè agrikòl yo
- 1 milyon pou popilasyon vilnerab yo, ki gen ladan kominote ki gen pwoblèm sante mantal ak devlopmanal
- 500,000 pou refij pou sanzabri yo
- 2 milyon pou Nouyòkè granmoun aje ak mezon retrèt yo
- 1 milyon pou òganizasyon konfesyonèl ak bank alimantè yo
- 2 milyon pou magazen alimantè, makèt ak travayè nan livrezon manje yo

Gouvènè a te anonse tou Eta a ap bay 25 milyon dola pou bank alimantè atravè eta a atravè Inisyativ Nouri New York la. Inisyativ Nouri New York (Nourish New York), ke Gouvènè Cuomo a te anonse bonè nan semèn sa a, ap travay pou reyachemine byen vit pwodui agrikòl New York ki an eksè yo bay popilasyon ki gen plis nesosite pou yo atravè rezo bank alimantè New York yo. Finansman yo ap distribye konsa:

- **Rejyon Vil New York:** 11 milyon dola
- **Rejyon Westchester:** 1 milyon dola
- **Rejyon Long Island:** 1.6 milyon dola
- **Rejyon Kapital/Hudson Valley (ki gen ladan yon pati nan North Country ak Mohawk Valley):** 4.4 milyon dola
- **Rejyon NY Santral (ki gen ladan yon pati nan North Country ak Mohawk Valley):** 2.2 milyon dola
- **Rejyon Southern Tier:** 1.1 milyon dola
- **Rejyon Lwès New York:** 2.1 milyon dola
- **Rejyon Finger Lakes (ki gen ladan yon pati nan Southern Tier):** 1.7 milyon dola

"Pandan ke nou nan yon sitiyasyon nouvo, sa pa vle di n ap aji tankou avèg, epi rezilta 15,000 moun ki teste nan pwogram ankèt sou antikò nou an - pi gwo ankèt nan nasyon an - pral enfòmè estrateji nou an ap vanse", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pral reyalize yon ankèt konplè sou tès antikò yo pou travayè nan transpò an komen yo, ki te nan premye liy nan kriz sa a. Nou remèsye travayè esansyèl nou yo anpil men aksyon pale pi wo pase pawòl epi nou vle yo konnen ke n ap fè tout sa nou kapab pou kenbe yo an sekirite."

Finalman, Gouvènè a te konfime 4,663 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 312,977 ka konfime nan Eta New York. Nan total 312,977 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,238	34

Allegany	35	0
Broome	305	6
Cattaraugus	50	1
Cayuga	51	0
Chautauqua	35	0
Chemung	124	1
Chenango	99	0
Clinton	62	1
Columbia	205	3
Cortland	28	0
Delaware	61	0
Dutchess	3,049	47
Erie	3,598	117
Essex	28	0
Franklin	15	0
Fulton	79	4
Genesee	155	1
Greene	142	3
Hamilton	3	0
Herkimer	61	1
Jefferson	62	1
Lewis	9	0
Livingston	76	3
Madison	149	10
Monroe	1,534	56
Montgomery	54	0
Nassau	36,519	358
Niagara	457	17
NYC	172,354	2,664
Oneida	474	23
Onondaga	903	43
Ontario	92	1
Orange	8,910	159
Orleans	93	1
Oswego	66	2
Otsego	67	0
Putnam	1003	13
Rensselaer	311	13
Rockland	11,945	133
Saratoga	361	3
Schenectady	521	7
Schoharie	43	0

Schuyler	7	0
Seneca	42	1
St. Lawrence	176	0
Steuben	217	1
Suffolk	34,478	441
Sullivan	931	51
Tioga	90	0
Tompkins	128	0
Ulster	1,327	29
Warren	185	3
Washington	184	14
Wayne	73	2
Westchester	29,626	394
Wyoming	69	1
Yates	18	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)